

404. POLITIK PPSD A SOU UTILIZASYON KI AKSEPTAB SOU ENTÈNÈT

<p>Kwayans Jeneral</p>	<p>Distri Lekòl Piblik Providence lan (PPSD oswa Distri a) bay aksè nan rezo enfòmatic pou elèv ak manm pèsònèl yo pou ankouraje ak pou amelyore aprantisaj elèv la atravè kominikasyon, inovasyon ak pataj resous.</p> <p>Komisyon Lekòl Providence lan sipòte aksè manm pèsònèl la ak elèv la pou anrichi resous edikatif ki disponib sou entènèt. Itilizasyon entènèt la dwe fèt pou aktivite edikatif ak aktivite rechèch yo epi dwe adapte ak objektif edikatif PPSD yo.</p> <p>Entènèt la ofri yon richès enfòmasyon, opòtinite pou echante lide ak enfòmasyon, ak posiblite pou travay kolaboratif. Itilizasyon òdinatè, rezo, ekipman rezo ak aksè nan entènèt se yon privilèj pou manm pèsònèl la ak elèv yo epi se pa yon dwa. Komisyon an prevwa pou manm pèsònèl la ak elèv yo pou itilize zouti sa yo nan yon fason ki responsab pou objektif edikatif epi dwe respekte tout lòt itilizatè yo.</p>
<p>Objektif ak Kontèks</p>	<p>Objektif Politik sou Aksè sou Itilizasyon ki Akseptab sou Entènèt la se pou bay machaswiv ak estrateji pou asire itilizasyon ki apwopriye de entènèt la pa kominote PPSD a.</p>
<p>Definisyon</p>	<p>Yo bay definisyon sa yo pou ede konprann politik sa a ak obligasyon legal Distri a.</p> <p>CIPA (Lwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Timoun): Yon lwa federal ki mande lekòl ak bibliyotèk ki resevwa fon federal espesifik yo ki sètifye ke yo genyen yon politik sou sekirite entènèt ki bloke aksè nan kontni ki endesan oswa kontni ki nwizib, ak lòt mezi pou pwoteje timoun yo sou entènèt.</p> <p>COPPA (Lwa Timoun sou Pwoteksyon Vi Prive sou Entènèt): Yon lwa federal ki enpoze sèten egzijans sou operatè sit entènèt yo oswa sèvis sou entènèt ki fèt pou timoun ki genyen mwens pase 13 lane.</p> <p>Anplwaye Distri a oswa Anplwaye: Tout manm pèsònèl ki dezinye nan Distri a, selon deziyasyon Komisyon Lekòl Piblik Providence lan.</p> <p>Patnè Distri a: Antreprenè yo nan Distri a, konsiltasyon, vandè, reprezantan nan lòt òganizasyon yo, ak volontè ki travay nan lekòl yo ak/oswa ki genyen kontak avèk elèv yo.</p> <p>Lwa sou Dwa Edikatif Familyal ak sou Vi Prive (FERPA): Yon lwa federal ki pwoteje vi prive dosye edikasyon elèv la.</p> <p>Paran/Gadyen Legal: Tout moun ki genyen lagad legal sou yon elèv ki minè nan Distri a.</p>

	<p>Elèv: Tout moun ki anrejistre epi ki enskri antanke yon elèv nan Distri a, san konsidere laj li.</p> <p>Komite sou Teknoloji: Yon komite ki deziye pa Distri a ki pral genyen ladan manm IT ki deziye, administratè, edikatè, ak/oswa lòt moun ki pral responsab pou fè rekòmandasyon kategori kontni bay Komisyon Distri a pou kapab filtre yo.</p> <p>Itilizatè: Tout elèv nan Distri a, anplwaye, oswa itilizasyon òdinatè nan Distri a ak aparèy ki lye yo, rezo, ak/oswa entènèt.</p>
<p>Machaswiv ak Estrateji pou Mizannèv</p>	<p>Sipè-entandan an pral devlope regleman administratif pou aplike Politik Itilizasyon ki Akseptab sou Entènèt la.</p> <p>1. <u>Itilizasyon ki Akseptab sou Entènèt</u> Itilizasyon ki akseptab sou òdinatè ak aparèy ki lye yo, rezo, ak aksè nan entènèt se nenpòt itilizasyon ki adapte ak objektif edikatif PPSD yo, ki genyen ladan, men pa limite ak:</p> <ol style="list-style-type: none"> a) Tout kominikasyon yo ta janti avèk itilizasyon langaj ki apwopriye. b) Enfòmasyon pèsònèl elèv la (ki genyen ladan, men ki pa limite ak non, nimewo telefòn, adrès, elatriye) p ap antre, transmèt, oswa afiche sou entènèt la pou itilizasyon piblik san otorizasyon alekri alavans pa administrasyon Distri a. c) Elèv yo p ap janm dakò pou rankontre yon moun yo te rankontre sou entènèt san apwobasyon paran an alekri. Paran ki dakò ak yon rankont konsa responsab pou fè aranjman pou sipèvizyon ki apwopriye. d) Manm pèsònal la dwe respekte vi prive lòt itilizatè yo, epi dwe okouran de tout kominikasyon ak enfòmasyon ki se pwopriyete PPSD a. e) Pandan kreyasyon yon sit entènèt, yon blòg oswa nenpòt resous sou entènèt pou aprantisaj elèv la, pwofesè ak manm pèsònèl la ta dwe kontakte administrasyon an pou jwenn apwobasyon. f) Respekte lwa federal yo, lwa eta yo, ak lwa lokal yo, ki genyen ladan, men pa limite ak Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive Timoun sou Entènèt la (COPPA), Lwa sou Pwoteksyon Entènèt pou Timoun (CIPA), ak Lwa sou Dwa Edikatif Familyal ak sou Vi Prive (FERPA). <p>2. <u>Itilizasyon ki Pa Akseptab sou Entènèt</u> Regleman sa yo pou itilizasyon ki pa akseptab sou aparèy enfòmasyon ki itilize vwa, videyo, ak rezo done yo, ki genyen ladan entènèt, pral aplike ak manm pèsònèl PPSD yo, ak elèv yo. Itilizatè yo p ap:</p> <ol style="list-style-type: none"> a) Ankouraje oswa angaje nan okenn aktivite ke yo jije ki se aktivite kriminel selon lwa federal yo, lwa eta yo, oswa lwa lokal yo, ki genyen ladan men pa limite ak lwa sou dwadotè, lwa sou kat kredi ak lwa sou falsifikasyon elektwonik oswa nenpòt baya ki pa nan tonbe nan dimansyon itilizasyon edikatif. b) Fè tantativ yon fason ki malveyan pou nwi oswa pou detwi materyèl yo oswa done yon lòt itilizatè, keseswa nan lekòl oswa nan yon nenpòt sit ki konekte ak entènèt la. Sa genyen ladan, men pa limite ak, kreyasyon ak pwopagasyon viris enfòmasyon yo.

- c) Tantativ pou itilize oswa pou dekouvri modpas oswa kont yon lòt moun. Anplis, itilizatè yo p ap pèmèt lòt moun (ki pa manm pèsònèl ki otorize) itilize non yo, modpas koneksyon, oswa fichye yo pou nenpòt rezon. Modpas itilizatè yo pa karanti konfidansyalite.
- d) Itilize idantite yon lòt itilizatè oswa eseye antre ki pa otorize nan yon rezo.
- e) Pwopaje viris yo yon fason volontè epi/oswa eseye detwi fichye ki pataje yo, oswa fichye ki pa pou yo.
- f) Itilizasyon rezo a oswa entènèt la nan yon fason konsa pou pètibe aksè lòt moun yo (tankou telechaje gwo fichye, voye mesaj elektwonik an gwoup).
- g) Efase, siprime, chanje non, oswa rann fichye enfòmasyon yon lòt moun pa ka itilize, pwogram, oswa rezo estotaj, ki genyen ladan dokiman ke departman an pataje. Itilizasyon pèsònèl de òdinatè yo pou aktivite ki pa lye ak travay la tankou jwe jwèt pa akseptab pandan jounen travay la.
- h) Pataje, itilize epi/oswa difize enfòmasyon pèsònèl yon lòt moun, oswa nenpòt enfòmasyon (ki genyen ladan nimewo sekirite sosyal, imaj, non konplè, adrès lakay, oswa nimewo telefòn lakay) konsènan elèv yo, ak manm pèsònèl la san pèmisyon moun nan/paran an/gadyen legal la oswa lè lalwa mande sa.
- i) Enstale pwèn aksè san fil ak/oswa woutè pèsònèl san otorizasyon biwo Teknoloji a. Biwo teknoloji a konfigire, sekirize, epi jere aparèy yo sou rezo a.
- j) Voye oswa resevwa tout done ki pwofàn oswa ki endesan oswa ki defann zak ilegal, vyolans oswa diskriminasyon anvè moun oswa òganizasyon, oswa ki pa tonbe nan dimansyon itilizasyon edikatif la.
- k) Angaje nan entimidasyon, asèlman, langaj diskriminatwa, reprezantasyon oswa menas vyolans, ak nenpòt aksyon ki entènèt nan kòd kondwit elèv la, politik Distri a, oswa lwa lokal, lwa eta a oswa lwa federal la.
- l) Angaje nan aktivite pou resevwa avantaj prive oswa avantaj finansye ki fè piblisite oswa ki fè pwomosyon pou yon antrepriz.
- m) Itilizasyon sèvis enfòmasyon PPSD a ak etablisman yo pou objektif politik yo.

3. Itilizasyon Rezo Sosyal

Tout anplwaye yo dwe respekte Politik ak Regleman sou [Rezo Sosyal pou Anplwaye yo](#).

4. Lwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Timoun (CIPA)

PPSD respekte CIPA a, ki mande pou lekòl ak bibliyotèk ki resevwa finansman federal espesifik la pou sètifye ajans finansman an ke yo genyen an plas yon politik sou itilizasyon entènèt la yon fason sekirize. Politik sa a mande pou bloke aksè ak bagay ki endesan, pònografi sou timoun, oswa, antanke elèv yo, materyèl ki nwizib, jan sa defini nan CIPA a. Epitou CIPA a mande mezi pwoteksyon teknolojik ki entèdi pirataj, divilgasyon enfòmasyon pèsònèl konsènan timoun ak aktivite ilegal ki enplike timoun sou entènèt. Epitou li founi sekirite pou minè yo pandan y ap itilize kourye elektwonik ak lòt fòm kominikasyon elektwonik. Epitou sa oblije pou lekòl yo edike minè konsènan

konpòtman ki apwopriye sou entènèt, ki genyen ladan enteraksyon ak lòt moun sou sit entènèt rezo sosyal yo epi nan sal tchat la, epitou ki genyen ladan sansibilizasyon ak repons kont sibè-entimidasyon.

- a) Filtraj Entènèt. Yo pral filtre entènèt la selon CIPA a pou limite itilizatè yo ak sit ki apwopriye yo sou plan eidkatif, jan sa rekòmande pa Komite Teknoloji a. An menm tan, PPSD okouran ke materyèl ki sou entènèt la pa genyen entèdiksyon epi Distri a pa ka garanti ke enfòmasyon yo jwenn sou entènèt la pral fyab oswa inofansif.

Komite Teknoloji a pral revize epi rekòmande filtraj kontni epi pral kategorize kontni yo. Komite Teknoloji a pral prepare yon dokiman ki genyen lis kategori ki filtre yo ke yo te chwazi, ansanm ak yon brèf eksplikasyon sou baz edikatif oswa legal pou desizyon pou filtre chak kategori. Chak ane, Komite Teknoloji a pral revize demann ki te fèt nan kategori ki pa filtre yo epi fè rekòmandasyon bay Biwo Teknoloji a pou tout ajisteman. Tout revizyon, si nesèsè, nan aktyèl kategori yo ak/oswa kontni ki filtre yo, pral soumèt nan lidèchip PPSD a.

- b) Demann pou Debloke Sit Entènèt. Sit entènèt yo kapab debloke nan sèten sikonstans selon kritè sa yo:
- Objektif edikatif – genyen materyèl edikatif ki bloke pa sistèm filtraj la. Kote aksè nan yon sit espesifik ki adapte ak objektif edikatif la bloke, yo pral debloke sit la.
 - Objektif ki lye ak manm pèsònèl la – yon manm pèsònèl bezwen debloke yon sit entènèt ki lye ak travay li (tankou pou fè acha, aplikasyon lalwa, ak rechèch bòn fwa).
- c) Tout moun k ap mande pou debloke yon sit ta dwe soumèt yon demann fòmèl, yon deman elektrik bay sèvis asistans teknoloji PPSD a. Demann yo ta dwe genyen ladan:
- Dat demann lan
 - Adrès sit entènèt ki dwe debloke a
 - Eksplikasyon objektif pou debloke sit la (ale nan kritè ki anwo a)
 - Non ak tit moun k ap fè demann lan
- d) Lè y ap reponn ak yon demann pou debloke yon sit entènèt, moun k ap revize a/sèvis sistans lan pral bay rezon espesifik si yo refize yon demann. Yo kapab soumèt yon kontestasyon refi a bay yon lòt administratè.
- e) PPSD pral konsève yon dosye konsènan tout demann pou pèmèt aksè nan yon sit entènèt ki bloke pa mezi filtraj entènèt la ak repons yo bay la, epi pral soumèt yon rapò bay Komisyon Lekòl la sou kantite demann ki otorize ak kantite demann ki refize ki mande pou debloke yon sit entènèt.

- f) Chak ane, Biwo Teknoloji a pral revize demann ki te fèt nan ane presedan an pou detèmine si yo ta dwe revize kategori ak nòm filtraj yo.
- g) Responsablite Manm Pèsonèl Lekòl la Pandan Y ap Travay Avèk Elèv Yo Anplis de filtraj la, manm pèsonèl la pral egzèse jijman ak responsablite ki apwopriye lè y ap bay elèv yo devwa ki itilize entènèt la kòm yon resous. Elèv yo ta dwe genyen enfòmasyon espesifik, objektif ak estrateji rechèch ki fòmilè anvan yo jwenn aksè nan entènèt la. Manm pèsonèl k ap kòmanse devwa a dwe byen sipèvizè elèv k ap itilize entènèt la pou anpeche yo itilize resous sa a yon fason ki pa akseptab oswa yon fason ki pa apwopriye. Yo dwe konprann sipèvizyon sa a kòm yon sipèvizyon kontini sou elèv yo nan laboratwa enfòmatis, nan saldeklas oswa nan sant miltimedya yo. Manm pèsonèl la ta dwe gide elèv yo nan seleksyon ak evalyasyon materyèl edikasyon yo, epi ede elèv yo devlope pratik ki san danje pou aprantisaj sou entènèt patikilyèman lè eksperyans edikatif la mande kominikasyon pa imèl, ak lòt kominikasyon elektwonik dirèk yo. Manm pèsonèl la pral responsab pou:
- i. Revize ak evalye resous sou entènèt yo pou asire ke yo apwopriye epi adapte ak bezwen pwogram nan pou devwa ak nivo devlopman elèv la (yo).
 - ii. Kontwòl itilizasyon elèv la fè de òdinatè a.
 - iii. Bay elèv yo enstriksyon (ki apwopriye ak kapasite/nivo devlopman elèv la) nan sijè sa yo:
 - iv. Gide elèv yo nan itilizasyon ki efikas de resous sou entènèt ki apwopriye yo.
 - v. Enfòmèl elèv yo ke itilizasyon òdinatè, rezo PPSD a, ak entènèt la se yon privilèj epi se pa yon dwa.
 - vi. Bay enfòmasyon pou ogmante sansibilizasyon elèv la sou pwoblèm sibè sekirite yo.
 - vii. Bay enfòmasyon ki lye ak plajya ak itilizasyon sous ak/oswa enfòmasyon sou entènèt yo.
 - viii. Swiv Politik PPSD a sou Itilizasyon ki Akseptab sou Entènèt la.
 - ix. Asire ke tout itilizasyon ki apwopriye sou plan pedagogik apwopriye ak epi sipò rezilta PPSD yo.

5. Imèl

Pratik sa yo aplike ak itilizasyon imèl PPSD a:

- a) Imèl se yon zouti kominikasyon epi li pa ta dwe itilize pou konsève fichye.
- b) Kominikasyon pa imèl yo voye oswa yo resevwa sou òdinatè PPSD yo kapab tonbe anba divilgasyon piblik epi kapab itilize nan pouswit legal.
- c) Itilizatè yo dakò pou pa otorize lòt moun itilize kont PPSDS yo a.
- d) Itilizatè yo genyen obligasyon pou mentni bwat kourye endividyèl yo epi yo prevwa pou yo elimine mesaj ki pa nesèsè ankò yon fason regilye; sa genyen ladan mesaj ki nan Filt Anti-Spam PPSD a.
- e) Yo entèdi itilizatè imèl yo pou pa kòmanse oswa pwopaje lèt chèn elektwonik yo.

	<p>f) Yo entèdi kourye an gwoup ki apwopriye yo. Sa genyen ladan plizyè kourye bay gwoup distribisyon yo oswa bay moun ki mansyone nan repètwa imèl PPSD a. Eitou sa genyen ladan demann an gwoup pou aktivite pèsònèl oswa pou avantaj pèsònèl.</p> <p>g) Yo mentni Achiv Imèl la pou respekte Machaswiv Federal la nan tout imèl k ap antre epi k ap soti nan kont chak itilzatè.</p>
<p>Fòmasyon, Sipèvizyon, ak Kominikasyon</p>	<p>Yo pral edike manm pèsònèl la sou itilizasyon ki apwopriye de entènèt la. Paran oswa gadyen legal yo genyen obligasyon pou siyen yon fòmilè pèmision pou pèmèt elèv yo a genyen aksè nan entènèt. Manm pèsònèl la siyen yon fòmilè ki rekonèt ke yo te li epi yo konprann Politik sou Itilizasyon ki Akseptab sou Entènèt la ki genyen ladan soumèt fòmilè (IAUP) sou entènèt PPSD yo, ke yo pral respekte politik la epi konprann konsekans ki genyen lè yo vyole politik la.</p>
<p>Konfòmite avèk Lwa, Egzijans Konfòmite yo</p>	<p>Règ ak politik jeneral lekòl la aplike nan tout itilizasyon enfòmasyon Distri a, aktivite sou entènèt ak kominikasyon.</p> <p>Si yo dekouvri ke yon itilizatè vyole nenpòt dispozisyon ki detaye nan politik ki mansyone anwo a, yo pral kanpe tout dwa ak privilèj ki lye ak rezo a epi ak entènèt la jiskaske yo fè yon ankèt.</p> <p>Lè yo fini ankèt la, sipèvizè a pral bay yon desizyon pou anile oswa pou retabli privilèj itilizatè a konsènan sistèm enfòmasyon la. Eitou vyolasyon sa yo ka mennen plis mezi disiplinè oswa aksyon legal.</p> <p>Tout manm pèsònèl ak elèv PPSD yo pran tout responsablite pou pwòp aksyon yo konsènan itilizasyon teknoloji a ak itilizasyon entènèt la, itilizasyon rezo a ak itilizasyon imèl la.</p> <p>PPSD pa fè okenn garanti, keseswa yon fason eksplisit oswa enplisit, pou sèvi y ap ofri a. PPSD p ap responsab pou okenn domaj ke itilizatè a rankontre, ki genyen ladan men pa limite ak pèt done, reta, non-livrezon, enteripsyon sèvis ki lakoz pa neglijan li oswa erè oswa omisyon itilizatè a.</p> <p>Itilizatè endividyèl yo se sèl responsab pou tout chaj ak frè ki kapab rive nan itilizasyon rezo a, ki genyen ladan apèl nan telefòn eksteryè yo, enpresyon, ak acha machandiz ki fèt sou rezo a. PPSD se pa yon pati nan tranzaksyon sa yo epi p ap responsab pou okenn frè oswa domaj, keseswa dirèk oswa endirèk, ki soti nan tranzaksyon ke itilizatè a fè andeyò rezo a.</p> <p>Rezo enfòmasyon PPSD a se pou sèlman PPSD, PPSD kapab egzamine, modifiye, oswa efase tout fichye, anrejistreman, kourye elektwonik oswa lòt fòm kominikasyon nenpòt lè, selon politik oswa regleman PPSD a. An jeneral, yo p ap enspekte kourye elektwonik nan kont pèsònèl yo san</p>

	<p>konsantman moun ki te voye l oswa san konsantamn destinatè a, eksepte jan sa nesesè pou ankete sou yon plent.</p> <p>Sipè-entandan an pral asire ke tout anplwaye PPSD yo ak tout kontraktyèl PPSD yo respekte tout lwa, règ, ak règleman ki aplikab yo, epi avèk tout politik Komisyon an. Sizoka nenpòt nan pati nan nenpòt politik la ilegal, Sipè-entandan an pral deklare evènman sa a bay Komisyon an osito posib epi li pral mande Komisyon an pou fè yon modifikasyon nan politik la.</p>
Referans Legal	<p>Lekòl E-rate yo, minè 47 USC § 254(h)(5)(B)(i) Lekòl E-rate yo, adilt 47 USC § 254(h)(5)(C)(i) Bibliyotèk, minè 47 USC § 254(h)(6)(B)(i) Bibliyotèk, adilt 47 USC § 254(h)(6)(C)(i) Lekòl selon Lwa sou Edikasyon an Sek. 3601(a)(1)(A)(i) Bibliyotèk selon Lwa sou Mize ak Bibliyotèk yo 20 U.S.C. 9134(f)(1)(A)(i) Lwa Jeneral Rhode Island § 16-21.6-1. Filtraj Entènèt.</p>
Istorisite	<p>Apwouve pa Komisyon an: 26 Dawout 2002, Rezolisyon 8-31-02 Amande: 10 Septanm 2012; 9 Oktòb 2019</p>